

# Hiry Ya Ca Gihuzu C'Igihe

Jeffersonville, Indiana, USA

05 Ntwarante 1961

1 Kandi nashaka kubamenyesha ko amasengeshoyanyu yishuwe. Ni nka vya bikorane na-twahora tugira mu ntango, igihe natanguraibango ryanje ry'ubukozi, haraheze imyaka myinshi. Sinigeze... Ntitwashobora no kuronkaibibanza twokwicarikamwo abantu kandi ntitwashobora no kuronka kirya kibanzakiberamwo ihayanishwa ry'ibidandazwa n'ibindi. Isaha icenda z'umuhingamo, habahamaze kuza abantu bohuzura, kandi twaca twugara imiryango, ntitwongerekwemerera abantu kwinjira. Ntitwashobora kurenza isaha imwe y'ijoro ari hotukiri. Murabibona ? Abantu ibihumbi baguma basidukana n'iyonka mu mpande zose, neza na

neza...Kandi nari nafashe imigoroba itanu ya nyuma, muri vya bikorane bikurikirana biheruka, kandi narashimangiyecane kw'Ijambo; ubu ndatanguye kubona ubushobozi Ijambo rifise. Murabibona? Kuko Ijambo ari Imana, murabona. "Ubwa mbere na mbere Jamboyariho, kandi Jambo yahoranye n'Imana, kandi Jambo yari Imana. Kandi Jamboyambaye umubiri abana natwe."

2 Kano kanya, Abaheburayo 4 haravuga ko - Ijambory'Imana ko rifise ubukuba nk'inkota y'ubugi bubiri. Murabona, Ijambory'Imana rifise ubugi nk'i...rikinjira gushika ritandukanije igufa n'u...Rifiseubukuba kandi rikamenya ivyo umutima ugabira - umutima; murabona. Uko niko Ijambo ry'Imana rimeze... Rero nimba hariho impano yoshoborakuturuhura... kandi Ijambo ubwaryo - Kristo ni We Jambo, yinjiramuri twebwe maze akamenya ivyo umutima ugabira, nk'uko mwabibonye. Murabona ingene

ari vyiza cane? Rero turavye ivyo yakoze bo n'ukuntuyaduhezagiye...Rero, i-i...nari nibajije nti nshimikiye kuri urworufatiro rw'i- rw'iri Jambo imigoroba ine, nkareka abantu bakicara ata nkomanzikandi batekanye,

Mpwemu Yera yoca ahamagara abantu kandi akagira ivyoakora muri aba bakoraniye hano.

3 Rero, mu gikorane ca nyuma, ku w'iyinga wa nyumainyuma y'umuhingamo, narabonye umurongo w'abaje gusengerwakubwo gukira ingwara ntari bwabone muri Amerika. Murabona, bari...Nari narungikanye Billy amakarata y'abasengerwa ijana, Genendamuha ijana, Leo ndamuha ijana, Roy nawe ijana; bari batanze ayomakarata yose, hafi amajana atanu. Mu nyuma bamaze kubona ubushobozi bw'Ijambo bo n'ivyoryakoze - iri Jambo ni ryo nari nahagazeko, - nuko, ncandabazana aha havugirwa ubutumwa. Naribonye abagabo n'abagore bata hasiivyuma bishimikiza mu gutambuka n'ibindi, maze bagakira bataranashika ahahavugirwa ubutumwa. Ndababonye gusa... Murabona, Ijambo ry'Imanaryari ryavuzwe bihagije hariya kandi ryari ryashinze imizimu mitima yabo mu gihe ubwo butumwa butanu bwavurwa, nako bune, gushikaaho bizera n'imitima yabo yose. Rero, ikintu bari bakeneye gukorakwari ukugira ico bokwishimikiza, murabona, ikintu kimwe canke ikindi ;kandi kwari ukuri. Kandi bagishika aha havugirwa ubutumwa, baca bakiriraaha havugirwa ubutumwa...imbere yuko bava aha ku ruhimbi.

- 4 Ndibaza ko uyu mwene Data ari ngaha...mwese murazi mweneData Ed - mwene Data Ed Hooper, si vyo? Mwebwe muva muriArkansas, hariya. Yaje... Ni ho yari ari ngitungura ibango ryanjery'ubukozi. Yaravuze ati: "Ibi bisa n'ivyaba mu bihe vya kera, (nikoyavuze) uko ni ko haheze imyaka myinshi bikorwa."Abantu bagwaye ibivyimba vyo - bimeze nk'uku,bataha bakize; impumyi, ibipfamatwi, ibiragi, birya bintuvyose Umwami wacu yakoze. Ntivyari bikenewe ko ndinda gukora ku bantu,Ijambo ryari ryavuzwe kandi ni ryo ryakora ivyo. Hanyuma, Umwamiyarampaye ubutumwa nashaka kuvugira hano mw'ishengeroninagaruka, akaryo kabonetse. Muri kino gihe, ndafatiriwe cane. Ejo, nzosubirakugenda, ndindiriye ko wa mukobwa ashika. Kandi imbere yuko nshikanaivalizi yanje mu nzu, hari umuntu yari yamaze gushika.Kandi kuva ico gihe, nsa n'uwutarasubirakuruhuka. Murabibona ? Sindanavugana n'umuryango wanje kuva ngarutse.Murabibona ? Kandi ni- ivyo birampagarika umutima vyukuri. Kandi ntegerezwakubasaba amasengesho yanyu mwese kugira Umwami amfashekwihangana.
- 5 Ubu rero, mwibuke mwene Data...cane, arwaye cane, aringaha, aryamye kuri ako gatanda. Kandi tu... Hari umuntuashobora kuza umwanya uwo ari wo wose kugira tuje iLouisville. Nobasaba kandi ko mwibuka mu masengesho uwo mukobwa w'umweteataranakwiza n'imyaka cumi n'umunani. Ni ihasa. Kandi ni Umukristo,umunyeshure.Kandi abandi bakobwa baramunegura, murazi,barya bakobwa babiri...bababwira ko ba - ko hari ivyo baribahomvye mu buzima bwabo, kandi ko bategerezwa kubaho nk'abandi bakobwa. Kandiumwe muri bo ntiyitayeho ivyo bamuneguye. Uwundi we vyaramubabajemaze aca yiyumva nabi, aca abandanya gucika intege maze agerakure kandi bikamuhagarika umutima. Kandi vyahavuye bimuteraingorane mu mutwe. Kandi ba...Agwariye mu bitaro vy'abagwaye mu mutwe.Nyina na se bahava bashika umwanya uwo ari wo wose bava iCrandall, muri Indiana, kugira ngo baje muri ivyo bitaro vy'abagwaye mu mutwebashaka kumurungikamwo ejo, i Madison.
- 6 Yamara, uwo mukobwa...Uwo mukobwa nta ngwara n'imweigaragara agwaye. A...Nta na kimwe arwaye kiboneka, afise amagarameza, ariko biragoye gusigura kandi ntivyoshobora gusigurika.Nta nkeka ko impwemu yiwe yangaye. Murabibona? Uburero, bisaba gufata impwemu yiwe no kuyisubiza mu kibanza.Murabibona ? Hari...Ni nka bimwe twavuga hano, haraheze amayinga make, kukuntu umubiri w'umuntu ukora, n'ukuntu hari inkebuzo zitanuzishobora gutuma tugiriranira imigenderanire n'umubiri w'umuntu.Hanyuma, hakaba inzira zitanu (nimba twobivuga muri ubwo buryo), inzirazitanu ari zo - umutimanama, ivyiyumviro, n'ibindi, ari navyo bitumaumuntu agiriranira

imigenderanire n'ubugingo. Hanyuma, kugiraumuntu agiriranire imigenderanire n'impwemu, hari inzira imwegusa, nayo ikaba ari uguhitamwo, ari navyo bigarura umuntu kurufatiro rw'igihe umuntu yaremwa.

7 Murashobora kuvyakira canke mukabireka. Murashobora

kwemera Kristo nk'Umukiza canke mukaMureka akirenganira.Kandi twama turi imbere ya ca giti, kimwe c'Ubugingo,na kimwe

c'urupfu. Umuntu wese yashizwe imbere y'ico giti,atari uko Imana yoba irenganya ishize umwe imbere y'ico giti uwundi nawentimuhe ayo mahirwe nyene - yo guhitamwo iciza canke ikibi. Kandiumwe wese muri

twebwe arafise ayo mahirwe. Kandi, kuri ivyo,impwemu...Turashoboragukira canke ntudukire. Ubu rero, si uko ata - imbere y'Imana, ntibisigura

ko tutakize. Twarakize biciye mw'isezerano ryashizwehoata gisabwe, kandi yaramaze kuturonkera ugukira ingwara. Kubw'ivyorero, ugukira ingwara ni ukwacu. Ni ukwacu. Ubu rero, icogukora ni ugufata iyo nzira kugira ngo tuvyzere, canke tugafata iyindinzira kugira ngo ntituvyzere.

8 Ubu rero, iyo ni yo nzira yonyene dufise yokuja mu Nyonga z'Imana.

Ubu rero, uwo mwana mwiza, nyina ni umugenziwanje.

Na...wanje...Yari umwe mu bagenzi banje. Niumugore w'ingeso nziza akomoka mu muryango w'abanazareye ugendera kumategeko cane, umukobwa akiri muto w'urupfasoni. Kandi afiseumugabo w'igikundi.

Na we nyene ndamuzi neza, urya mugabo babiranye. Kandyari akiri muto... Bareze abo bana kugira ngo bakorere Umwamikandi barabashize

mw'ishure, kandi bari bahagaze neza muri Kristo kandintibashobora gukora ibintu bibi. Ariko raba uko vyahavuye bimera.Ni nk'uku meze...

Haraheze iminota mikeya, nariko ndaraba nongeranihweza agahungu

kari hariya inyuma, kari gafise iyo ngorane nyene.Kandi ku...Umusi

umwe ku mugoroba twaragiye kwa mwene Data Wright,kandi Orville yari yara...vyukuri - vyukuri yari yahungabanye mu mutwe.Kandi ya...

Murazi, ico gihe yagerageje kunyirukana mu nzu, kanditwe na Orville turi abagenzi; ni nk'aho nari se. Nije nahezagiyeubukwe bwa se na nyina.

Kandi yahagurutse bukwi na bukwi mazearasemerera ati : "Sohoka uve hano! Sohoka uve hano! Sohoka uve hano!" Murabibona ?

9 Rero, ico twari dukwiye gukora, kwari ukwinjira munzira impwemu

yiwe iriko irajana kugira ngo mfate impwemu y'uwo muhungu.

Murabibona ? Agatima kiwe kari kaciye mu mubabaromwinshi, kandi aracari muto, kandi yabonye amabi menshi.Kandi twaciye tumugarukana

aho yategerezwa kuba. Murabibona ? Hahezeimisi, yari - yari ameze.Rero, ni vyo dutegerezwa gukora no kuri uyo.Ivyo bintu ndamaze

kubibona, kandi ndazi ko ari ivy'ukuri. Arikoubu,...gato. Nda -

- ndabasavye mwese musenge muri kano kanya, kugira ngo - kugira ngo  
 Imana imfashe menye aho uwo mukobwa ageze, amereweukuntu  
 kumutuma atamenya aho ari, kugira ngo mpezendamugarukane mu  
 kibanza. Kandi ivyo umuntu abishikako biciye mukwizera. Murabona, we  
 ntashobora kugira ukwizera. Ntazi aho ageze, cankeikintu ico ari co cose,  
 murabona? Hano, ivyo - ivyo bisaba ukwizera kwacu.
- 10 Kandi ubu rero, kuri ivyo, ubushobozi bw'ukuzuka kwaKristo, butuma  
 turonka ayo mahirwe...Na...Aho ni ho mu... Mu yindi mvugo,Ijambo  
 ry'Imana ririnjira rikanyengetera umunyavyaha. Kandi ivyo bitegerezwa  
 kurengera ubutumwa buvugirwa ngaha. Ni co gitumanashaka kugira ico  
 mvuga gato imbere yuko nsengera abagwaye.Muribuka kwa kwerekwa Umwami yari yarampaye, nta  
 gihecari  
 gishize, murazi, muri kumwe nabonamwo ibiri hariyahakurya mw'ijuru ?  
 Muribuka ca gitondo, igihe nashinga intahe ko nabonye ibiri hariya  
 hakurya mw'ijuru ? Kandi vyari ivy'ukuri. Ikinyamakuru "VOICE"  
 c'abikorera utwabo bo mu butumwa bwuzuye ni cocakwiragije ayo  
 makuru kandi gica gishiraho ifoto ku rupapuro rwanyuma  
 rw'ikinyamakuru. Ico kinyamakuru kiriko agace amajamusi, agace kari  
 musu kavuga kw'ibango ryanje ry'ubukozi, ubwo...Ni ikinyamakuru mpuzamakungu, gisohoka mu  
 ndiminyinshi  
 zitandukanye. Kandi bene irya nkuru itangura ibaigezweho bo  
 n'urupapuro rwa mbere babihebeye ukwo kwerekwa,murabona.
- 11 Ubu rerondagifise hano, kandi nashaka ko mukironkakokandi ko mugisoma kugira  
 ngo mubitahure. Rero, sinari nzi bene Data baja kubabari ngaha muri iki  
 gitondo. Kandi namwe... Nivyashika ntimukironke,mwicishe gusa ku  
 biro, hariya ku biro barabifise. Kandi batwemereyekuduha umurundo  
 wavyo, ku kivuga ngo "Bandanya wihangana"Murabibona? Kandi ni vyo  
 biri mu mutima wanje. Ico nshobora kumva ni iki gusango: "Bandanya  
 wihangana". Ukigera hakurya y'uruzi, hariho - hariho igihugu ciza, kandi  
 twihangane gushika twinjiye muri ico gihugu.Ubu rero ndibaza ko haja kuba gushikanira Imana  
 umwana  
 w'umuryango wa mwene Data Stricker. Gutyo rero, ivyo...Mbega ubu  
 mufise abana bangahe ga mushiki wacu Stricker? Abanabatandatu. Uwu ni umuryango muto  
 w'igikundi.
- 12 Kandi gutyo, ni aba - ni bo bari amamisiyoniari bacu  
 hariya muri Africa; bagarutse vuba. Kandi abana babo bese ni abagenzi  
 banje beza, kandi n'uyu ndabona ko ari umugenzi wanje, kuko bamuzanye  
 muri kino gitondo kugira ngo ashikanirwe Imana. Teddyari hehe ?  
 Nugire...Teddy, mwananje, urashobora kuza hano ku nangaakanya gato,  
 maze turirimbe ya ndirimbo yacu - ka karirimbo kavugaku... Ako  
 karirimbo urakazi, ndibaza, duhora turirimba ngo : "Nimubazane" Mbega

ni ako ? Nimubazane mubakure mu vyaha.Kandi ni... Igituma tukaririmba, ni uko, twebwehamwe n'ivyo dushobora... Abavyeyi babazana kugira bashikanirwe Imana.Tubashikanira Umwami kandi tukabazana mu gihe bakiri inzoya kugira

ngo ntibaje kwangara mu vyaha. "Nimubazane" Icoduhagusa... Mbega urakazi ga Teddy ? Turirimbe rero igitero kimwe.

Nimubazane, nimubazane,

Nimubazane, mubakure mu vyaha

Nimubazane (hoba hariho uwundi? Nimumuzane ubu nyene)

Nimuzane abo bana bato kuri Yesu.

Nimubazane, nimubazane

Nimubazane, mubakure mu vyaha

Nimubazane, nimubazane

Nimuzane izo nyererezi kuri Yesu

13 Muryango wa mwene Data Stricker, ndabona ko mwumvainsiguro y'iyi ndirimbo ngo : "Kubazana". Icifuzo c'umutimawanyu ni ukugerageza kuzana abazimiye kuri Yesu. Akana kanyu,hamwe kopfa imbere yuko gashikanirwa Imana canke ikindi kintu, ukobiri kose aba yarakijijwe kuko amaraso ya Yesu Kristo yaramazekubikora i Karuvaliyo. Ariko tubikora twibuka ukuntu yabaye ngaha kw'isi,igihe yarambika ibiganza ku bana bato, maze akavuga ati : "Nimubarekebaze kuri jewe". Ng'iki gituma muzana umwana muto muri kino gitondokandi mukatugirira icizere, muzi neza ko dushobora gusengera uyu mwana isengesho ry'ukwizera, kugira ngo dushikanire ubuzimabwiwe Imana.

14 Yitwa ngw'iki? Marilyn Madge. Marilyn Madge Stricker. Afiseimyaka ingahe ? Amezi cumi n'atatu. Yavukiye muriAfrica, si vyo ? Nuko, icompa... iyaba ejo haza hobayeho, ese icompauyu mwana akaba umumisiyonari hariya muri kariya karereyavukiyemwo. Kandi ni - umwana mwiza cane. Mwene Data Neville, urashobora kuza hamwe wo...?... Ooo! Ndakunda aba bagenzi banje bato. Noneaka si akagenzi kanje keza? Bwakeye! Bwakeye! Twunamike imitwe rero, mu giheturiko turasengera uyu mwana muto.Data wa twese uri mw'ijuru, turakuzaniye ka MarilynMadge Stricker, aka kana keza kavutse bari mu gikorwa c'ugukwiragizaUbutumwa Bwiza mu gihe urugamba rwari rukomeye. Ndagusavye uhezagireuyu mwana w'umukobwa. Muri Bibiliya, barazana... Waravuze ku bana bato...Warabarambitseko ibiganza maze urabahezagira,kandi waravuze uti: "Nimureke abana bato baze kuri jewe kandintimubabuze, kuko ubwami bwo mw'ijuru ari ubw'abameze bartyo."

15 Nyina na se bashize uyu mwana mu maboko yacu uyu musu. Kubw'ukwizera,turakuyeho

intambanyi, turamushize mu maboko yawe mu kwizera. Hezagira ubuzima bwiwe. Muhe kuramba, Mwami. Azobe umwana w'Imana. Azogukorere ubuzima bwiwe bwose, agatsi kose ko muri we kazokorere Kristo. Nubiduhe Mwami Yesu.

Hezagira se na nyina, bo na basazawe na benewabobakiri bato. Nabo bashobore gukura kandi bagire umuryango mwiza ukorera Imana. Data, turagushikaniye aka kana Marilyn Madge mw'Izina rya Yesu Kristo kugira abe umukozi wawe akomeye. Numuhezagire, bo na se nanyina n'abakunzi biwe, kandi bazorambe bagire ubuzima bwiza bagukorera, mw'Izina rya Yesu. Amen.

Imana ibahezagire, mwene Data Stricker. Ego, ni akanakeza. Urakoze Teddy, mwananje. Ndakunda utwana duto, mweho?

- 16 Ni bangaha batarigera bumva kwa kwerekwa Umwamiyampaye? Duza ibiganza, mwebwe mutarigera... Mwene Data Neville, kagatabo kawe wakazanye? Murashobora kubibasomera kumbure mu munotaumwe canke ibiri. Nibaza ko ...Ushatse urashobora, nibaza ko karihano.
- 17 [Kuva ku gace ka 23 gushika ku gace ka 38, mwene Data Neville ariko arasoma inkuru ikurikira mu kinyamakurucitwa "IJWI" ry'abikorera utwabo b'abakristo bo mu butumwa bwuzuye", handitswemwo ukwerekwa mwene Data Branham yahawe. - U] Umusi umwe mu gitondo, nari ngaramye kugitanda canje. Niho nari nkivyuka, kandi nari niseguje amaboko, nduhutse, umutwe nawonawushize ku musego. Niho natangura kwibaza uko bizoba bimeze hariya hakuryamw'ijuru. Nari nabonye ko maze kurenza igice c'imyaka ntegerezwa kubaho (iyo mbanoramvye nk'abo mu mu muryango wanje), kandi nashaka gukorera vyinshi Umwami wacu imbere yuko mpfa. Naciye numva Ijwi rimbwira riti : "Niho ugutangura ; ahubwo komeza urugamba, ubandanye." Nkigaramye ku gitanda, ndimbura kuri ivyo... nkigaramye ku gitanda, ndimbura kuri ayo majambo, nibajije ko iryo numvise ari ibintunyumviriye. Ijwi rirasubira riravuga riti : "Bandanya urugamba. Bandanya uja imbere. Bandanya ujaimbere."
- 18 Kuko ntavyemera, nibajije ko ari jewe nyene navuze ayomajambo. Naciye mbumba umunwa, nshira ukuboko ku munwa, maze ntegaugutwi. Ijwi rirasubira riravuga riti : "Bandanyagusa. Iyaba wari uzi ibiri ku mpera y'inzira." Vyacye bisa naho ndiko ndumva umudiho bon'amajambo y'akaririmbo ka kera
- menyereye kumva kavuga ngo :
- Mfise inkumbu kandi ndababaye, kandi nshakakubona Yesu.
- Nashaka kumva za nkengeri zo ku kivuko ziriko ziravuga,
- Ivyo vyotuma haba umuco mu nzira yanje maze bikankuramwo ubwoba bwose.
- Mwami, nundeke ndabe hariya hakurya y'igihuzugikingiriye ibihe.
- Niho rero haza Ijwi rimbaza riti: "Urashakakubona hariya hakurya y'igihuzu

gikingiriyeibihe?

Nca ndishura nti: "Ivyo vyomfasha cane"

- 19 Sinoshobora kuvuga ivyabaye. Sinzi nimba narimu mubiri wanje canke ko kwari nk'ukuzamurwa. Sinzi. Yamara vyaribitandukanye n'ukundi kwerekwa nari maze guhabwa. Narabona aho nari najanywe, kandi naribona ngaramye ku gitanda canje. Nca ndavuga nti : "Ibi bintubiratangaje." Hari abantu ibihumbi baza biruka bagana ahondi, basemerera bati: "Ooo mweneData mukundwa!" Hatanguye kuza abagore bakiri bato basanaho bafise imyaka mirongo ibiri ; maze mu gihe barikobarangumbira, bavuga bati : "Mwene Data mukundwa!" Abagabo bakiribato, bafise amaso akayangana nk'inyenyeri iyo zatse mw'ijoro, kandi bafise amenyo yerank'utubuyenge, baraza kungumbira, bavuga bati : "Mwene Data mukundwa!"
- 20 Hanyuma, nca mbona ko nanje nasubiye kuba umusore. Naribonayo, kandi ngahindukira nkabona umubiri wanje ushaje ugaramye kugitanda, niseguje amaboko. Nca ndavuga nti : "Ibi bintusindabitahura." Nkigerageza gutahura aho ndi, nacye ntangurakubona ko aho hantu hatabaho ejo hahise canke ejo hazoza. Nta n'umwe yasa nahoarushe. Kurya rero abagore bakiri bato ibihumbi n'ibihumbi, beza cane ntaribwigere mbona, bazana amaboko kugira bangumbire, nacye mbona ko nkikujwe n'urukundorwinshi, kandi ko ata nkaburamubiri numva muri jewe nka kurya bimera mumubiri. Narabonye ko abo bagore bakiri bato bari bafise imishatsi miremire igera ku gikenyerero, kandi amajipo bari bambaye yagera ku birenge.
- 21 Inyuma y'ivyo, Hope, wa mugore wanje wa mbere, arangumbira maze arambwiraati : "Ooo mweneData mukundwa!" Hanyuma uwundimugore akiri muto arangumbira, maze Hope aca arahindukira kugira agumbire uwo mugore akiri muto. Nca ndavuga nti : "Ibi bintu sindabitahura. Ni ibintu bitandukanye cane n'urukundorw'abantu bambaye umubiri w'inyama n'amaraso. Sinshaka gusubira muri urya mubiri ugaramye hariya ku gitanda." Niho rero Ijwi ryambwira riti : "Ibi ni bimwe wigisha, ni Mpwemu Yera. Uru ni urukundorushitse. Ntawushobora kwinjira hano adafise urwo rukundo."
- 22 Hanyuma nca ndaduzwa nshirwa ahantu hataramutse. I ruhandeyanje hari abagabo n'abagore ibihumbi bakiri bato. Barasemereran'umunezero bati : "Ewe mwene Data mukundwa, turanezerejwe cane no kukubona hano!" Nca ndibaza nti: "Sindiko ndarota, kuko ndabona abo bantu, kandindabona umubiri wanje aho ugaramye ku gitanda." Ijwi rira rirambwira riti : "Mbega urazi ko handitswe muri Bibiliya ko abavugishwa n'Imana bahamvya ababo ?" Nca ndishura nti : "Ego, ndibuka kobiri mu Vyanditswe. Ariko abo mu muryango wa Branhamntibagana uko?"
- 23 Ijwi rira riranyishura riti : "Siabo mu muryango wa Branham. Ni abo wabwiye ubutumwa, abo wazanye ku Mwami. Bamwe muri abo bagore ubona bakiri bato

kandibeza cane, bari bafise imyaka mirongo icenda hamwe wabazana ku Mwami. Ntibitangajekubona bashobora gusemerera bati : 'Mwene Data mukundwa!' Ni ho rero abo bantu ibihumbi n'ibihumbi bacabasemererera icarimwe bati : 'Iyo utazana Ubutumwa Bwiza, ntituba turi hano.' Nca ndabaza nti : 'Ooo, Yesu ari hehe none ?' Nshaka kumubona' Abo bantu baca baranyishurabati : 'Ari hejuru'aha gato. Umusi umwe azoza aho uri. Warungitswenk'umurongozi, kandi Imana niyaza, izogucira urubanza kuvyo wigishije.' Nca ndabaza nti: 'Paulo na Petero nabo bazocirwaurubanza?' Inyishu yabayeye ngo: "Ego"

24 Nca ndavuga nti: "Nigishije ivyo bigishije. Sinatambamiyei buryo canke i

bubamfu. Aho babatije mw'Izina rya Yesu, nikonanje nibikoze. Aho bigishije umubatizo wa Mpwemu Yera, niko nanje nigishije. Ivyo bigishije vyose, nanje naravyigishije.' Ayo masinzi y'abantu baca barasubizayo bati : "Turabizi, kandi turazi ko

tuzosubirana kw'isi na we. Yesu azoza maze agucire urubanza kw'Ijambo

watwigishije. Hanyuma, uzoca udushikana imbere yiwe, maze twese hamwe

tuzoca tugaruka kw'isi kugira tubeho ibihe bidashira.' Nca ndabaza nti : 'None nsubire kw'isiubu nyene ?' Baca baranyishura bati : "Ego, ariko bandanya wihangana."

25 Uko nagenda mva aho hantu heza cane kandih'igikundiro, aho amaso yanjeyageza kubona, abantu baguma baza biruka bagana iyondi kugira bangumbire, kandi basemerera bati : "Ewe mwene Data mukundwa!"

Ubwo nyene, nca nsubira kwisanga ndi ku buriri. Ncandavuga nti: 'Ewe Mana, mfasha. Ntundekengompeshek' Ijambo. Umpeguhagararanshikamyekw' Ijambo. Ivyo uwundi wese yokora uko vyoba bimezekwose, Mwami, umpeguhiganirwa aho hantu heza cane kandi k'igikundiro.' Ubu ndemera ntakekeranya kurusha ikindi gihe nabayeho, ko hakenewe urukundo rushitse kugira ngo umuntu yinjire haryahantu. Nta shari, nta ngwara, nta busaza, nta rupfu bibaho ; habaho gusa umunezeron'ubwiza buhebuje. (Haleluya!) Ivyo mwokora vyose, mushire ku ruhande ikindi kintu cose gushikamuronse urwo rukundo rushitse ; mushike ku rugezow'aho mushobora gukunda abantu bose, mbere n'umwansi wese. Naho indege yonyiganga, imiravyo ikaravyacanke ibigwanisho vy'umwansi bakaba babitumbereje kurimwebwe, ivyo ntacobitwaye ; nimugire urukundo rushitse. Nimba mutarakizwa, nimwemere Yesu Kristo nk'umukizawanyu muri kanokanya. Nimba mutarabatizwa mu mazi, nimubatizwe murikano kanya. Nimbamutarahabwa Mpwemu Yera, nimumuhabwe muri kano kanya. Nimwihutire kwinjiramuri urwo rukundo rushitse ruzobajana harya hantu hezacane kandi h'igikundiro,

hakurya y'igihuzu igihe.

26 Ni...Nari nibaza ko bamwe muri mwebwebagisomye. Kandi nimba

mutararonka ako gatabo, murashobora kukaronka. Rero, musu y'urupapuro,

i buryo, baravuze gato kw'ibango ryanje ry'ubukozi. Sinzi ko

mwabibonye, amaja hasi, mumaze gusoma ivyo, amajahasi, babivuzeko

gato amaja hasi. Ivyo vyarashizwe mu ndimi hafi zoseziri musu y'ijuru,

murabona, kugira ngo kw'isi yose babisome.

27 Ubu rero, ni kubera iki- ni kubera iki urinze kuvuga, kubera iki

ubigarutseko ga mwene Data Branham, imbere yoyugusengera abagwaye?"

Ng'iki gituma: "Ni ukugira ngo dushobore kumenya koubutame bwacu

atari ubw'ubusa. Murabibona? Dutegerezwa kwegera Imanaduciye mu

rukundo bo n'ukwizera. Ukwizera nikwo kudushikana muriyo nzira.

Urukundo ni rwo rutwinjiza.

(Murantunga.) Ubu rero... Ubu none, mwibaza ko Imana yoshobora...



Ubu rero, icoduha... [Aha nta kintu cafashwe kw'ibande - U] imbere yuko ukwizera kwacu gushika kuri urwo rugezo. Mwibaza ko...None, mwokwibaza iki, hamwe utwigoro abantu bo muri iriHema, bo n'iyoy mirwi y'abantu bakoresheje kubw'Ubwami bw'Imana...?

Abenshi mu bari hano bahereye ku rushi abana babokubw'Ubwami bw'Imana. Hano hariho abantu biyimye agahuzukubw'Ubwami bw'Imana. Hari benshi baciye mu mituragaro kandi bakagenda atankweto bambaye kugira ngo bashike hano kw'Ithema (niivy'ukuri), kubw'Ubwami bw'Imana.

28 Murashobora kwibaza ku muntu yokora igicapo ciza cane akoresheje amarangi kugira ngo ahejeje kugicapa aceagitabura ubwo nyene? Hoba hari ikintu kitagenda neza kuri uwo muntu. Murashobora kwibaza ku muntu yokwiyumvira kwandika indirimbo nzizacane aja kuririmba, hanyuma agaca atabura urupapuro yanditseko iyo ndirimbo?

Hoba hariho ikintu kitagenda neza kuri uwo muririmvyi. Murabibona ? Nta kinyoma kiri mu Mana. Imana nta kintu ikorank'uku, kugira ngo

ice igitabura kandi ngo igite. Kiba ari ic'Ubwami Bwayo. Kiba ari ic'Ubwiza Bwayo. Umwe wese aba afise uruhara rwiwemuri iki gicapo no muri iyo ndirimbo. Turi abagize ubwami bw'Imana, kandini ukugira ngo dushobore gukora igikorwa cacu igihe cose tuzi ikibanza turimwo; maze tugaca tuguma aho hantu kandi ni ho hantu honyenetuzi, ni mu rukundo, mu bisanzwe, ivyo nivyo bigize ico gicapo.

29 Ubu rero, biba bigoye iyo muhawe ukwerekwa nk'uku bon'ivyo bintu vyose, mugatahura ibiri hariya hakurya. Iyo mba narindabizi! Umuntu yanditse birya bintu musu y'urupapuro avuga ko abavugishwa n'Imana ba kera - ko berekwa bo n'ivyo vyose, kandi n'uyu musu, birengeye ivyo ... Ivyo ntidushobora kubitahura. Ariko Umwamiyaratwemereye

kuvyinjiramwo no kubona ivyo ari vyo. Ubu rero bagenzi banje, sinari ndyamye kandi na - nihagati yanyu

nanje na rino shengero - sinariko nderekwa. Ndazi icoari co ukwerekwa.

Bamwe bamwe ngaha... indwi iheze yonyene, naronse ukwerekwa hafimironko itatu na kumwe mw'ijoro rimwe. Murashobora kwibaza ukuntu

ndemerewe? Birumvikana ko bituma umuntu ata umutwe.

30 Vyogenda gute hamwe mwoja mu gikorane nk'uku, maze ukugenda neza canke ukugenda nabi kw'igikorane bikaba biri kugatwe kanyu, kubazwa vyose kandi mukaba mutegerezwa kwishura ibibazo vy'umukozi w'Imana wese, ku kibazo cose, ku kintu cose; igikorane agenda neza canke agenda nabi, vyose bikaba biri ku gatwe kanyumwenyene.

Nimurabe ukuntu vyogenda. Kandi kuri bamwe mu bamfasha ibikorwa, hari abata umutwe kubwo kugurisha ibitabo gusan'ibindi, birabatesha

umutwe kuburyo bica biba ngombwa ko bataha muhira, murabona, kugirango baje kuryama; uwo mugoroba ntibaheza ngo bazegusenga. Ôo! Ôo! Birateye ubwoba. Ni nka Loyce, umukazana wanjye, ni umukristo mwiza cane; kuba gusayaragiye - yaragiye gusa mu bikorane gurtyo - yikurikiranya amayingainwi canke umunani, vyabaye ngombwa ko aguma aryamye umusi umwecanke ibiri, murabona, kandi ata kintu na kimwe ajejwe. Kuri Billy nawe, ivyo gutanga gusa amakarata make y'abasengerwabiramurushisha akaba intere. Ariko, murabona, ubwo buremere bwose buri ku gatwekanje. Niteze

ico muzonkorera, kugira ngo munsengere, murabibona. Ikirenze ico, abantu baravugaga ko kuvugaga ubutumwa iminota mirongo ibiri wasizwe amavuta ya Mpwemu Yera bingana no kumara amasaha umunani ukora ibikorwa biruhisha. Birashikira nkavugaga ubutumwa amasaha abiri canke atatu mu mugoroba umwe, rimwe na rimwe nkabikoragatatu ku musu, murabona.

31 Mbega, ivyo kwerekwaga vyo bimeze gute? Ukwerekwaga kumwe

kwatumye Umwami Yesu inkomezi zimuvamwo. Ni ivy'ukuri. Bibiliya ivugaga ko umugore umwe yakozwe ku myambaro yiwe maze bica bituma inkomezi zimuvamwo. Nuko rero, nimba ukwerekwaga kumwe kwatumye inkomezi zimuvamwo, We Umwana w'Imana, mbega jwebimeze gute, jewe umunyavyaha yakijijwe kubw'ubuntu? Ukwerekwamirongo itatu mw'ijoro rimwe guca kungira gute? Murabibona.

Ni... Iyo tuba gusa twohagaze gato kukaviyumvirako; ivyo

birarengeye umuntu w'inyama n'amaraso! Umubiri w'umuntu ntushobora kuvyihanganira. Noca nja ahantu hamwe mu bigo bivuraabasazi, nguma nkubita umutwe ku mpome, murabibona? Ni- niintege nke ku buryo umuntu adashobora... Ni intege nke umuntu yumvira imbere muriwe, murabibona, zihaza zikabica burundu. None, muzokwishimikiza iki?

Nushobora kuvugaga ibi, ko mbonye umuryango wamwene Data Cox, Rodney n'umufasha wiwe, bo n'uriya mushikiwacu yicaye hariya inyuma; ni abantu bizeye vuba. Hariho igihugu kirahantu hamwe hariya. Hamwe gusa mwo... Mbega mwoshobora kuciyumvirako cankemukakirunguruka? Ni co kintu ciza cane kibaho. Birakwiye kotugira umwete kubwaco, murabona?

32 Ubu rero, nashakaga kuvugaga ibi imbere yuko umwana avuka...? Tuvyibazeko.

Umwana yamaze amazi icenda mu nda ya nyina, maze hamwe uwo mwanayokwiyumvira, akavugaga ati: "Murazi? Bambwiye ko ndihafi kuvuka. Mvutse noba ngiye gukora iki? Ntandi hantu nzi atari aha hantu ndi. Inkomezi zanje ndazikura aha mu nda ndi, nonengeze hanze nzobahogute? Barambwiye ko hariho izuba ryaka. Barambwiye kohariya abantubatembera, ariko aho hantu sindahazi. Ahonzi honyene, ni ngaha mu ndaya mama. Aha ni ho bashize. Aho nzi honyene, ni mu nda. Kandi

bambwiye ko hanze ho hagutse cane." Burya rero, uwo mwana yohava yicwa n'ubwobayiyumviriyeye ku vyo

kuvuka. Si ivy'ukuri none? Yokwicwa n'ubwoba, kuko aje ahantu atazi ikintu caho na kimwe, ahantu heza cane, ahantu hezacane kurusha aho yahora aba incuro amamiliyoni. Nta na kimwe yomenyakuvyaho. Yoshobora kuvugaga ati: "...gute... None nkore iki?" Yokwicwa n'ubwoba

- iyiyumviriye gusa ko azovuka. Ariko twebwe tuba hano hanze, burya natwe twahora -twahora hariya mu nda. Ntitwokwifuzza na gato gusubiraye. Ntitwokwifuzza gusubira mu nda ya mama. Murabibona? Oya, ntitwokwifuzza kubikora.
- 33 Kandi, bagenzi banje, niko bigenda icyo dupfuye. Ewe Mana! Murabibona? Turiko turavukira ahandi hantu. Ntimurigeramuhaha. Ntimushobora gutahura ukuntu ari heza cane. Hariya bizoba bimeze gute? Nda... Kandi ikintuma canke ikibatamamubita hura, ni kurya gace kagize ubugingo, nka kurya impwemu yinjira muruhinja icyo ruri mu nda ya nyina. Murabona, ni bwo buryo bwonyene dufise bwogutahura uko kiriya gihugu ciza cane kimeze, ahatagira ingwara, umubabaro, urupfu, ubusaza, ata na kimwe kibi kibaye. Ooo! Nuko! Mushitse hariya, ntimuzokwigeramwifuzzagusubira ahantu nk'aha, nka kurya umwana atokwemera gusubira mu nda ya nyina. Murabibona? Murabona, hariya hakurya ni heza cane rwose, murabona, hariya. Ntidushobora kubita hura. Haba namba. Ntibishoboka. Rero, nka kurya birengeye ivyiyumviro vya rurya ruhinja, ninako ukobizomera hariya birengeye ugutahura kwacu, murabona, kuko turi mu nda y'isi, twiteguriye kuvukira umusi umwe, mu bwami bushasha, mw'isi nsha.
- 34 Kandi uko ni kwo niyumva kuvyerekeye uko kwerekwaga bon'ibintu nk'ivyo, canke icyo... uko ivyanshikiye urya musibimeze kwose, igihe najanwa hariya hakurya, nkabona icyo ari vyo kandinkaba naragarutse hano. Mbega murashobora kwibaza muri nk'uruhinja, kandi - mukaba muzi ukuntu aho hantu ari heza gutembera no kubona ibiti bishuritse, inyoni ziririmba, izuba ryaka, bo n'ubuzima nk'ubu, hanyuma mugaca musubizwa mu nda? Nukuri ntitwokwifuzza gusubiraye. Rero, ivyiyumviro vyacu vyotakara hamwe twogeragezako ivyiyumvira ku biri hariya, nk'uko Ivyanditswe bivugaga ngo: "Ibintu ijisho ritigeze kubona, ugutwi kutarumva, ibintu bitarinjira mu mutimaw'umuntu, ni vyo Imana yateguriye abayikunda." Murabibona? Gurtyorero, turazi ko ibiri hariya hakurya ari vyiza cane. Umusi umwe, urupfu, icotwita urupfu kizoduha ukuvuka gusha; ni ho rero tuzoca twinjira muri icyo yindi si, hariya hakurya.
- 35 Mwene Data George, ntuzosubira gusaza no kumugarahariya hakurya. Nawe mwene Data na mushiki wacu Spencer bo na bamwemuri twebwe dushaje n'ibindi... Tuzokwama turi mu myaka y'ubuto ibihe bidashira hariya... ishaje... iyi kanzu y'umubiri ishaje, nzoyikororera hasi, nzozuka maze nshikire impera ihoraho, kandi nzoshira akamohejuru mu gihe nzoba ndiko ndarengana mu bicu nti: "Nagasaga, nagasaga, mwa bihe mwe vyiza vy'amasengesho." Vyose birarangiyeye. Ntituzobatukimara amajoro maremare dusenga, ntihazoba... Tuzinjira hariya muri ubwobuto buhimbaye, atari kubumaramwo umwaka canke imyakamirongo itanu,

canke umuliyoni w'imyaka. Tumazeyo imyaka imiliyalidijana, ntituzoba turanatangura. Ni vy'ukuri. Ni kubera iki tutonezerwamuri kino gitondo? Ni kubera iki tutohimbarwa ? Ni kubera ikitutobonerwaho buri kintu cose gikomeye Imana yaduhaye ?

36 Ng'uku ugukira ingwara kuva ku Mana. Kubera iki Yesu

yashishaguwe? Mbega kwari ugutabura ca gicapongo bavuge ko ataco carikimaze? Umubiri wiwe warashishaguriwe hariya. Imbavuziwe zari hejuru

kugira tubashe gukira ingwarakubw'imishishagu yiwe. Ntidutabure ico gicapo muri kino gitondo. Tuvyakire, tuyemere. Uburero, mwene Data, umwe wese mubo tugira dusengere, nimuhagarare mukikuzeigicaniro mu gihe...Hari ubutumwa buhejeje gutangwa mu kanya gaheze, biciye mu kuvuga no gusobanura indimi, buvuga ko tworambikaibiganza ku bagwaye kandi ko tuja kubona ibikorwa bikomeyevy'Imana. Ubu rero, mwene Data, ntibikenewe ko uhaguruka, mwene Data, weweuryamye kuri ako gatanda k'ibimuga. Turaja kuza aho uri.

Ariko hari abandi bari ngaha dutegerezwagusengera, bashaka guhagarara i ruhande y'igicaniro, mu gihe jwe namwene Data turiko turasenga kandi turarambika ibiganza ku bagwaye, nimuce mwegereza. Kandi mwibuke, mwakire iki gicapo. Ku bw'imishishaguyiwe, twarakize ingwara zacu.

"Ibi sindabitahura, Mwami." Ego nivyo ntimubitahura. Gushika ubu muracari mu nda y'isi. Ariko yaravyiteguriye, kandi ntiyokwemera...

37 Kubera iki yashishaguwe ? Mbega kwari ukugira ngo atabure ca gicapo

canke ngo atabure rwa rupapuro rwanditseko ya ndirimbomaze abiterere kure? Oya mushinganta. Yarashishaguwe, arakubitwakandi arava amaraso kugira ngo dukire ingwara. Kandi kubw'ivyo, twebwe, kubw'imishishagu

yiwe twarakize ingwara, umwe wese muri twebwe. Ubu rero, muriko muraza, mwegeranira i ruhande y'igicaniro kugira

musengerwe...Ubu rero, abantu benshi bo mu bavugabutumwa rurangiranwa bo muri Amerika, bamwe biyerekana ko ariabambere kurusha abandi, bo bashigikiye ko mutegerezwa gukorabi na biriya. Hari ibintu ntegerezwa kubabwira ukwo biri, mugenzi wanje. Imana irakiza ariko igaca isaba ko muyikorera ihejeje kubakiza. Murabibona? Ibibakorera kugira ngo mushobore kuyikorera. Dutegerezwa kwemera ugukira ingwara kwacu kuri uru rufatiro ngo: tuzocatuyikorera ihejeje kudukiza ingwara.

38 Rero Bibiliya iravuga iti : "Nimwaturiranireivyaha. Musengeranire

kugira ngo mushobore gukira ingwara." Murabibona? Ifatira kuvyo muzoca muyikorera. Kumbure ko benshi muri mwebwe ngahamuri ku mpfiro. Kandi mutegerezwa gupfa nihatagira igikorwa. Rero nshaka ko,

mu mitima yanyu, mwo...Ubu rero, twoshobora kubasiga amavuta, twoshoborakubasengera;

jewe na pasitori wanyu twoshobora kubasengeraisengesho ry'ukwizera, tugakora ivyo dushoboye vyose. Ariko ivyo ntacobizobamarira mu gihe

cose mwebwe ubwanyu mutazoba murafatanya na Kristo; murabona ?

Mutegerezwa gushika kuri uku gufatanya muti: "Ni jwen'Umwami." Hariya ndabona - umupfasoni akiri muto ariko aregerezahano muri

kano kanya. Nta gihe kinini kihaciye aje muhira iwanjeafise ikintu kimeze

nk'ikivyimba, ahubwo umenga yari kanseri yo mu bwokobwa Hodgkin.

Kandi asengera mw'ishengero rya Metodiste. We... Nibazako ari ivyo; si

vyo ga mushikanje? Kandi yari afise ikivyimba kininimu rubavu. Yamara

ubu, yarakize.

39 Ndabona mushikiwacu Weaver ahagaze hano. Yaragwayekanseri ntari

bwabone kuva mbaho. Maze ikintu ca mbere namubajijekwari ukumenya

ko yobatizwa mw'Izina ry'Umwami Yesu Kristo kandiakatura ivyaha

vyiwe. Igihe namuzana muri aya mazi, hano, vyaringombwa ko

ndamusegura, kuko yari yonze cane; amaboko yiwe yariyonze cane. Maze yahavuye yemera kubatizwa mw'Izina rya Yesu Kristo. Kandi haheze nk'imyaka cumi bibaye; si vyo ga mushikanje? [Mushiki wacu avuzeati: "Haheze imyaka cumi n'itandatu." U] Cumi n'itandatu. Imyaka cumi n'itandatu ubuzima bwiwe burokotse kuko yari yiteguyekwumvira, mu gihe abaganga bahambaye kurusha abandi b'ino... Rero, umuganga wiwe bwite yarambwiye... Igihe namumenyeshya... namumenyeshya, ndamubwira ko yakize.

40 Maze

arambwira ati: "Ooo! Azokwicwa na kanseri mu mayingaaza.

Ntimwirirwe murigora. Azoba yapfuye, hasigaye amayingamake maze ace

apfa." Kandi yari yamuharuriye hafi umusi umwe wokubaho. None uyu

musi, ng'uyo ahagaze imbere y'igicaniro, inyumay'imyaka cumi

n'itandatu. Tuvuge iki kandi, hari n'ibindi n'ibindivyakoretse. Yamara, Imana ntibikorera umwe wo mu bana Bayo, hanyuma ngo

ireke kubikorera uwundi wo mu bana bayo. Irabikorera abana Bayo bose.

Uwubikeneye arashobora kuza. Ni... Iriko irabahamagara. Ubu rero,

isengesho ry'ukwizera rizokiza abagwaye. Ni ko Bibiliya ivuga. Ubu rero - ubu rero nimba ... ico nashaka ko mukora, nukwaturira

Imana ivyaha vyanyu maze muvuge muti : "Mwami, nunkize ingwara."

Nimba mutarigera muhindukirira Imana, nimuhe umutimawanyu Kristo.

Kandi namba mutarigera mubatizwa mw'Izina rya Yesu Kristo, ikidengeri co kubatirizamwo kirateguye.

41 Kandi wa mupfasoni akiri muto, hariya hakuryay'ibarabara, igihe urya

mugabo atizera yahindukirira Imana amaze kubona ivyo, mu gihe yari

aryamyeho... yaciye akurwa i Silvercrest ajanwa i weagira yicwe

n'igituntu. Maze ngiyeyo, Umwami yaciye ampaukwerekwa, anyereka ko

yari agiye gukira. Maze duhuriyeyo mu gitondocakurikiye uyo musi,

umushingantahe Andrews yarampambariye avuga ati : "Urya mugore

wamwijeje ibintu ataho bifatiye!" Nca ndavuga nti : "Mushingantahe

Andrews, sinamwijeje ibintu bitagira ifatiro. Uyu mupfasoni ni umukristo.

Kandi niyabishobora, azoza kubatizwa." Mazeaca aravuga ati : "Ari ku mpfiro." Yaravuze ati : "Na...Yakuwe gute i Silvercrest ?"Nca ndishura nti: "Mushinganta,mufatira...muri...Ivyo mufatirako..."

Mufatira kuvyo umuganga yavuze. Jewe, mfatirakuvyo Imana yavuze."

Murabibona ? Rero, ico mufatirako ni cokibatandukanya n'abandi.

Murabibona ? Mufatiye kuvyo umuganga yavuze,nta nkeka murapfa.

Yamara, mutegerezwa gufatira kuvyo Imanayavuze.

Mwizera ibivuzwe na nde ?

42 Mbega vyari kugenda gute iyo Aburahamu

aja gufata ivyo umuganga yavuze ku vyawe, koboronka umwana mu gihe

we afise imyaka ijana, umugore wiwe na we akaba afise imyaka mirongo

icenda? None yari guca akora iki ? Murabibona ? Buryaumuganga yari

kuvuga ati : "Uyu mugabo ni umusazi." Ariko Imana yabimuharuyeko

nk'ukugororoka, kuko yari yizeye Imana.Murabibona ? Ubu rero, mu...Kandi wa mugore yahavuye akira. Yafashweminenerwe ivyo

kubatizwa mw'Izina rya Yesu Kristo kubera ko,ndibaza ko yari

umumetodiste canke umuperezipiteriyano.Yaciye atangura kuremba.

Yaraje kurondera Grace Weber; yaba neza na neza...yabahariya -

umukobwa wiwe aba hano; yarafashe imodoka maze azahano kubatizwa

mw'Izina rya Yesu Kristo, arwaye inyonko, arwayeingwara zizana

ibivyimba ku bitugu hose n'ibindi, afise ubushuhebugera ku rugero rwa

mirongo ine. Kandi yaciye abatirizwa aha nyene mw'Izinyanya Yesu Kristo.

Kandi aba hariya hakurya y'ibarabara, uvuye aha turi.Kumbure ko yicaye

ngaha muri kano kanya. Haraheze iminota mike, narikonderaguza ndabakonomurabukwa.

43 Ni ukumvira, murabona ? Ntibihagije gusa kujaaha na

hariya...Simbona ibintu kumwe na bamwe muribene Data barambika

ibiganza kuri uyu, n'urya, nk'uku, bavuga kohari ukwizera kudasanzwe

kandi gukomeye kuja kubikora. Si ivyo.Mutegerezwa kugira ukwizerakw'ukuri, gukomeye, kwo muri Bibiliya, kuva kuriMpwemu Yera.

Mutagufise, ntibizomara igihe. Ntibizomaraigihe.Ni co gituma nshimira Umwami kuko yamfashijegushika ubu. Ugukira

ingwara kwakoretse kwabaye ukw'ukuri, kukogushingiye vyukuri kuri

"UKU NIKO UHORAHO AGIZE". Murabibona ?Kubw'iyi mvo,

kuzorama. Ubu rero - ubu rero, nka kurya kwokw'ishure ryo ku

w'iyinga...Nariko ndabaganiriza, ndindiriyeakanya gato kugira ngo bicare

mu bibanza vyabo, gutyiye rero dushoboregutekana muri kano kanya.

Dusigaranye akanya gato. Tugira dutangureamasengesho.

44 Ubu rero, nshaka ko umwe wese yaturira Imanaivyaha vyawe, maze

asezeranire Imana ko azoyikorera kandi koazokora ivyo ashoboye vyose.

Hanyuma, jewe na Pasitori, duca tuzatubarambikemo ibiganza ; kandi

mumenye mudakekeranya ko muja gukira ingwaranimba muvyizeye.Barya bantu bagendera ku

bibando, barya bantubafise ubumuga bwokutumva, na birya biragi, na ziry a mpumyi, bari gushobora gute gushikaaha imbere, ku w'iyinga uheze inyumay'umuhingamo, maze bagataibibando bagenderako, bakaza aha imbere maze bagahumuka, murabona, nka kurya? Abantu amajana n'amajana bo muri bo... Buryarero, narinacitse intege cane ku buryo vyabaye ngombwa kobanterura kugira ngomve hano hantu. Nari nagumye mpagaze, nabo barengana, murabona? Umurongo wava hano ukagera hafi y'ishure ryisumbuyery'i Jeffersonville; abantu batanze umurongo, bari baje mu murongow'abasengerwa. Kandinzi nimba muri bo hari abaje bagataha badakize. Murabibona? Kubera kobari baje ku rufatiro rw'ukuri bon'ukwizera nyakurikw'abakristo kandibari bizeye. Murabibona Bitegerezwa gushika.

45 Ubu rero, mwese nimwunamike imitwe maze mumfashekubasengera.

Mwami Yesu, turakuzaniye muri kino gitondo aba bantubakoraniye hano bahagaze barindiriyeye, bagizwe n'abana barwaye, abadendebukiye n'abafise ibibabujije amahoro. Benshi muri bo, Mwami, barataye ivyizigiro kuvyo kuvurwa n'abaganga, na cane cane uyu mugaboaryamye hano kuri kano gatanda. Nutamugirira ubuntu, aravamw'isi mu misi iza. Kandi sinkekeranya ko hariho abandi bahagaze hafiy'iki gicaniro, bagwaye ingwara y'umutima, ingwara bo n'ibintubibabaza bishobora kubagirira nabi. Hari ikintu kimwe, Data, gishoborakubakiza, kirengeye inkebuzo zitanu z'umubiri, mu gihe tudakekeranya ko abaganga bagerageje gukiza ubuzima bwabo, ingwara, kanseri, igituntu, bon'ingwara y'umutima.

Yamara naho bashizeko ipansuma n'amasonde, bon'ibikoresho, na, na -n'imiti irwanya imikorobe, umwansi yabateye neza na nezakugira ngo

abatware ubuzima bwabo. Kandi Mwami, nibaza ko nababwiye icyumvirocawe kandi numvise urya mugabo yavuze mu ndimi mu gitondo, kandi agatanga insobanuro ku bija gushika uyu musu. Nta nkeka Mwami, bamwemuri bo baraja guhabwa ivyo. Ni ivy'ukuri. Ndavyizera.

46 Rero, muri Bibiliya haranditswe ko Dawidi, umwungere akiri muto,

yari aragiye intama za se, hariya mu bugaragwa. Maze umusi umwe, haza intambwe ifata imwe mu ntama za se maze irayijana. Uwo mwungere akiri muto yuzuye ukwizera - yari afise iki kugirango ahangare intambwe? Nta nkoho canke ibasitori yari afise, ariko yari afise umugozi, maze aca akurikira iyo ntambwe. Aca yica iyo ntambwemaze agarukana ya ntama.

Idubu yaraje maze ifata intama imwe. Aca akurikira iyodubu yari

gushobora kumutabagura. Ariko ntiyaravye uko iyo dubuingana, canke ubunini bw'intambwe, canke ubunyarutsi yazananye ijekumurwanya,

canke ngo arabe ukuntu umugozi yari afise ataco warikumumarira. Ariko igihe yaza imbere y'Umwami Sauli, yaravuze ati : "Umushumba

wawe yari aragiye intama za se, maze haza intambwemaze ifata intama imwe irayihungana. Maze ndayikurikirana kandi ndagarukanayo ntama."

Yaravuze ati : "Irya Mana nyene yandokoye mu maboko -mu vyara

vy'idubu, canke mvuge mu menyo y'intambwe, irashoborano gufata iyo ntakebwa y'umufilisiya maze ikamugabura mu mabokoyanje."

47 Turazi ukuntu iyo nkuru yabandanije ; vyukuri yarishe- yarishe

umugabo ataho bari bitaniye. Kandi yari umugwanyu. Ese ukuntu ivyo

bintu vyarengeye Sauli, urya mwami akomeye, uryamugabo munini kandi

akomeye, kubona ukuntu karya gahungu kashoboye kugiraukwizera mu kagozi kari gafise ; oya, nako ntiyizera akagozi yariafise ariko yizera Imana.

Ubu rero Mwami, ng'iyi intama y'Imana iryamyeye kurikano gatanda bo n'izi ntama zose nto nto ziri i ruhande y'ikigicaniro, nk'uko vyagenze kuri we. Bafashwe n'intambwe yitwa kanseri, n'idubu yitwagituntu, bo n'izindi ngwara zabafashe, zirabanyiganyiza zibasiga ariintere. Mwami, nje kubatabara mfise akagozi gato kitwaisengesho

ry'ukwizera. Si ikintu kinini cane, ariko ndazi ivyokamaze gukora. Kandi ndazi ko ari ya Mana nyene, ni co gituma nje muri kinogitondo kubatabara

kugira ngo ndabagarure Mwami, mu canya c'ubwatsibutotahaye kandiburimwo igitutu kizana amagara meza, hafi y'amazi adasuma azana

amahoro, kure y'umudurumbanyo, kugira ngo bakwizere. Kandi nje kubatabara nzanye inkinzo watanze kugira ngotwitwaze :

"Isengesho rifatanije n'ukwizera rizokiza abarwaye, kandi Imana izobakiza. Nimba hari n'icaha bakoze, bazogiharirwa."

48 Data, ubu rero

tugiye guhangana n'umwansi, duhangane n'intambwe, duhangane na wa murwanizi mu buryo bwose yajemwo, yaba yitwa kanseri, igituntu, ingwara ya kanseri yo mu bwoko bwa Hodgkin, ingwaray'umutima, n'izindi ngwara zose. Tuje kuzirwanya no kugarukanaiyi ntama mu nzu y'Imana. Mw'Izina rya Yesu Kristo, tugira dukoreshe aka gakoziwaduhaye. Nubane natwe Data, mu gihe tukwegereye muri kano kanyadufise ukwubaha mw'Izina rya Yesu.

Nashaka ko muguma mwunamitse imitwe, kandi turajagusiga amavuta abagwaye, maze tubarambikemo ibiganza, kandi isengesho rifatanije n'ukwizera riraza gukiza abarwaye. Umukristo wese ari hano ashire ukwizera muri uyu murongo w'abasengerwa.

49 [Umurongo w'amasengesoho]

Izere gusa, (muri kano kanya twunamike imitwe - murikano kanya)

Izere gusa, izere gusa, izere gusa

Vyose birashoboka, izere gusa

Ooo ! Mwami, ndizeye, Ooo! Mwami, ndizeye

Vyose birashoboka...

(Ubu rero, tuzamure ibiganza) Mwami, ndizeye.

Ooo ! Mwami, ndizeye, Ooo! Mwami ndizeye,

Kuko vyose birashoboka Mwami...

50 Ubu rero Data uri mw'ijuru, abashobora guhagurukabadugije

ibiganza vyabo nk'ikimenyetso ko bavyemeye. Uyu mwene Data yari aryamyeye kuri kano gatanda yahagurutse kugira ngoyerekane ko yemeye



ugukira ingwara kwiwe. Turizera Mwami, ko ubu basubiyeneza mu bwatsi butotahaye mu gitutu, ku nkenera y'amazi adasuma, kugira ngo bongere kugira amagara meza. Turagushimiye kubw'ivyo mw'Izinarya Yesu. Amen.

Neza cane, Mwene Data Neville. Ngiranicare hano maze numvirize ivyo ugira uvuge...?..



[www.messagehub.info](http://www.messagehub.info)

Ubutumwa bwa  
**William Marrion Branham**  
"...mu minsi y'ijwi..." Ivyah 10:7